

POU N VIN YON KOMINOTE TOUT MOUN RENMEN

ANGAJMAN ALONTÈM LEGLIZ EPISKOPAL LA POU
REPARASYON RASYAL, REKONSILYASYON AK JISTIS



THE
Episcopal
CHURCH



www.episcopalchurch.org/page/racial-reconciliation
reconciliation@episcopalchurch.org

Bondye, ou menm ki fè nou pòtre avè w epi ki rachte nou gras ak Jezikri pitit ou a: Gen pitye pou tout limanite; efase tout avogans ak tout santiman rayisab ki ap enfekte kè nou, krazè tout baryè ki ap divize nou, fè nou fè youn gras ak renmen; epi sèvi ak difikilte nou yo epi konfizyon nou yo pou w fè volonte w fèt sou tè a. Kon sa lè w va chwazi a, tou pèp sou latè epi moun ki sot nan tout ras kapab sèvi w nan tèt ansanm toutotou twòn ou an nan syèl la; gras a Jezikri Sovè nou an. Amèn.

– Priyè pou limanite (Liv priyè toulejou, p815)

Q: Ki misyon legliz genyen?

A: Misyon legliz se pou li redrese tout moun pou yo fè youn ak Bondye epi pou yo viv nan tèt ansanm gras ak Kris la.

Q: Kouman legliz chache reyalize misyon l?

A: Legliz chache reyalize misyon l nan lapriyè, nan adorasyon, nan preche pawòl Bondye a epi pwomouvwa jistis, lapè ak renmen.

Q: Se atravè kilès Legliz pase pou li ranpli misyon l?

A: Legliz ranpli misyon l atravè travay tout manm li yo.

– Kèk detay sou koze lafwa a (Liv priyè toulejou a, p. 855)

Premye koze

“Ete pase, 78 èm Konvansyon Jeneral Legliz nou an te fè yon bagay ki remakab: Konferans Jeneral la envite nou kòm legliz pou n antre nan Mouvman Jezikri a. Nou te pran angajman pou n te vin viv anndan Mouvman Jezikri a lè deside fè evanjelizasyon epi fè travay rekonsilyasyon an— ki yon travay k ap kòmanse ak rekonsilyasyon rasyal...k ap travèse fwontyè ak lizyè ki divize moun ki pitit bondye yo. Sa a se yon travay ki difisil. Men nou kapab fè li. Se yon kesyon pou youn tande lòt epi pou youn pataje ak lòt. Se pou Bondye menm.”

Se Evèk Michael B. Curry ki tap dirije Konvansyon an
Yon prèch ki te fèt le premye novanm, 2015
Inogirasyon 27èm Evèk k ap dirije Legliz Episkopal la

Apot Pòl te fè moun Korent yo ki tap viv nan premye syèk la sonje: “Tout sa sot nan Bondye ki rekonsilye tèt li ak nou gras ak Kris la e se Bondye tou ki ba nou ministè rekonsilyasyon an (2 Korentyen 5:18). Si nou te janm bezwen yon gwoup moun k ap suiv Jezikri pou leve labanyè rekonsilyasyon ak amoni ant tout ras moun ki reprezante tout pitit Bondye yo, nou bezwen sa jodi a menm.

Agresyon ki egziste kont imigran Amerik Latin yo toupatou nan peyi a lakòz yo depòte kèk milyon nan yo epi kraze fanmi moun sa yo. Povrete sistematik pami kominote endijèn yo lakòz yon gwo kantite jenn moun tiye tèt yo. Nan tout Amerik Latin pèp endijèn ak moun Afwo-Latino yo ap sibi yon pèd de valè sistematik. Videyo montre detay sou jan Eta yo anprizone epi tiye moun nwa ki pa menm gen zam sou yo, fi, gason epi timoun. Toupatou Ozetazini epi ann Ewòp, moun ki soti an Mwayennoryan yo, yo ba yo pote etikèt teyoris epi lènmi valè sosyal “peyi de lwès” yo. Trafik vann moun mete sa ki pi vilnerab yo nan esklavaj ann Azi, ann Amerik, epi ann Ewòp.

Nan kontèks reyalyte sa yo epi nan kontèks levanjil Kris la, anpil dyosèz Episkopal, semine Episkopal, ak rezo Episkopal yo pran yon nouvo angajman devan jistis rasyal, rekonsilyasyon epi reparasyon. Petèt se akòz tout gwo mouvman sa yo nan tout legliz la, 78èm Konvansyon Jeneral Legliz Episkopal la ankouraje tout legliz la pou yo fè yon gwo pa ann avan pou yo rive vote ([Rezolisyon C019 la pou Tabli yon repons pou enjistis sistemik](#)) epi Legliz la mete \$2 million apa pou finanse travay sa a. Rezolisyon C019 la anchaje dirijan Lachanm Evèk yo ak Adjwen pou yo “itilize lidèchip yo, pou yo dirije legliz la, epi pou yo la pou yo kab asire travay legliz la ap fè sou kesyon jistis rasyal la ak kesyon rekonsilyasyon se yon bon travay li ye epi pou yo rann kont sou travay la.”

An fevriye 2016, Evèk ki Alatèt la Michael Curry, Prezidan Chanm Adjwen yo Gay Jennings, Vis Adjwen Chanm Evèk yo Mary Gray-Reeves and Dean Wolfe, ak Vis Prezidan Chanm Adjwen yo ak Sekretè Michael Barlowe te rankontre nan Austin, Texas, pou yo te mete responsablite sa a ann aplikasyon. Le 12 mas 2016, yo te diskite premye oryantasyon yo ak priyorite yo ak Lachanm Evèk yo, Lachanm Adjwen yo, epi ak gran asanble legliz la, epi yo te soumèt rapò bay Konsèy Egzekitif la pandan tout posesis la. Apre yon ane kote yo ap tande, kote yo ap aprann, epi kote y ap fè delimitasyon—nan yon rapò etwat ak staf Evèk ki Alatèt la epi nan dyalòg ak Konsèy Egzekitif la, ak endividi ak kontak ki pa menm nan Legliz Episkopal la – dirijan legliz la te apwouve yon vizyon estratejik ki byen detaye le 14 fevriye 2017, ki te enkli yon pwogram bidjè ki montre sa yo te fè ak \$2

Alafen se rekonsilyasyon; alafen se redanmsyon; alafen se mete sou pye yon Kominote ki gen renmen. Se kalite lide sa yo ak kalite renmen sa a ki kapab fè moun ki opoze lòt tounen zanmi ... Se renmen sa a ki ap fè mirak nan kè moun.

– Rev. Dr. Martin L. King, Jr.

milyonn dola yo te mete apa pou travay sa a. Vizyon sa a – ki rele “Ann tounen yon kominote Tout Moun Renmen” se Angajman alontèm Legliz Episkopal la sou kesyon reparasyon rasyal, rekonsilyasyon, ak jistis—se yon koze yo montre grann liny pou li yo nan pwochen paj yo.

Sou chemen an, nou aprann anpil bagay nan men anpil frè ak sè n ki pran gwo angajman pou yo fè travay sa a. Men kèk nan moun ki pran angajman sa a e lis la ap grandi toujou:

- Komite Konvansyon Lejislatif Jeneral la sou Politik Peyi Etazini epi Madam Diane Pollard.
- Komite Pèmanan Konsèy Egzekitif la sou kesyon Defann moun epi sou kesyon fòmè rezo pou misyon yo ak Dr. Anita George
- Kominote Tout Moun Renmen an: Komisyon ki chita sou kraze afè rasis la nan Dyosèz Atlanta a ak Dr. Catherine Meeks epi Evèk Robert Wright
- Komite anti-rasis epi pou reparasyon rasyal nan Dyosèz Nouyòk la ansanm ak Ms. Cynthia Copeland epi Frè Reginald Martin
- Fondatè VISIONS, Inc. lan—Dr. Valerie Batts, ak konsiltan an Rev. Dr. Bill Kondrath
- Enstiti Kaléyidoskòp la ak Rev. Dr. Eric Law
- Komite Konsèy Egzekitif sou aksyon kont kesyon rasis la
- Evèk Amerik Latin yo nan Nevyèm Pwovens Legliz Episkopal la
- Rezo kòdonatè pwovensyal Episkopal yo ak lòt dirijan yo
- Dirijan Mezon Evèk yo pou angajman sou kesyon jistis rasyal ak transfòmasyon, pami yo Evèk Mark Beckwith, Ian Douglas, Brian Prior, Prince Singh, epi Wendell Gibbs
- Katedral Nasyonal Wachintonn nan ak. Dr. Canon Kelly Brown Douglas epi Madam Michelle Dibblee
- Fondasyon Anne ak Chris Flowers la ak Fondasyon Madam Susan Lassen nan
- Komisyon Pèmanan sou litiji ak sou-komite pou kesyon mizik sou kesyon Jistis Rasyal ak Mr. Chris Decatur
- Trinity Episcopal Church-Wall Street and the Rev. Winnie Varghese
- The Organization for Procedural Justice in the Diocese of Southern Ohio and Dr. Merelyn Bates-Mims
- Lidè nan legliz Episkopal nan Minnesota, sa enkli Madam Amanda Ziebell-Finley, Madam Rachel Babbit, ak Mesye Steve Mullaney
- Sant Rev. Dr. Michael Battle ak Achevèk Tutu a pou rekonsilyasyon jeneral ak Seminè jeneral pou teyoloji a
- Rev. Dr. Phil Groves
- Rev. Hershey Mallette Stephens
- Achevèk Desmond Tutu ak Rev. Mpho Tutu

N ap remèsye tout ekip staf nou yo ki travay san rete, ki te sipòte travay nou an e ki te konkretize l tou: the Rev. Chanwàn Stephanie Spellers, Madam Heidi Kim, Rev. Charles “Chuck” Wynder, ak Madam Tara Holley, ansanm ak Rev. Canon Mark Stevenson, Rev. Glenda McQueen, Mesye Kirk Hadaway, ak Madam. Bronwyn Skov.

Chak patenè sa yo te ranfòse sa nou te aprann nan pwòp esperyans espirityèl pa nou: sètadi travay se pa yon kesyon mache nan yon liny dwat ase, se plis yon kesyon patisipe nan yon pratik reflektif, yon pratik volontè onivo espirityèl. Se menm jan ak mache nan labirent ki mennen nan rekonsilyasyon an, reparasyon ak jistis la; Nou angaje tèt nou nan travay sa a epi nou refè sa ankò: Fò n di laverite, fò n poklame rèv Bondye a, se pou n mete kesyon renmen an an pratik, repare sa k fèt ki te mal yo. Nou pa janm santi nou fin metrize okenn nan etap yo oubyen nou fin konplete youn nan etap yo, ni tou nou pa nayif ase pou nou ta imajine okenn moun rive “fini” travay la toutbon vre. Angajman an se pou lontan; fòmasyon an se pou tout lavi.

[T]ravay sa a ki mande anpil tan epi ki difisil men se yon bon nouèl li ye paske nou pa kab wè kesyon rekonsilyasyon an tankou yon devwa akademik nou sipoze ekri nou menm epi pou n soumèt li alè. Se pou nou wè travay sa a tankou yon pye bwadchèn ki ap grandi kòmanse ak yon ti grenn ki vin yon gwo pye bwa, se yon posesis ki mande anpil ane e ki rive sèlman lè yo bay pyebwa a dlo, solèy ak sibstans nitritif. ...[An]definitif, travay final la se travay Bondye li ye e l ap antre an vigè si nou kolabore nan posesis la.

Pou ki sa nou vle yon kominote Tout Moun renmen?

Jezikri te etabli platfòm nan pou nenpòt moun ki vle suiv li, lè li te di: “Premye [kòmanman] pami tou lòt yo: ‘Tande, Izrayèl O: Seyè a Bondye nou an, Seyè ki fè youn nan; se pou w renmen Seyè a Bondye nou an ak tout kè w, ak tout nanm ou, ak tout panse wou yo epi ak tout kouraj ou.’ Dezyèm nan se kòmanman sa a, “Ou fèt pou w renmen pwochen w menm jan ou renmen tèt ou.” (Mak 12:29-31). Se anndan platfòm Kominote Tout Moun Renmen an nou pwomouvwa don espirityèl yo epi nou vin grandi pou n rekonèt nou youn se fanmi lòt etan moun ki renmen Bondye epi ki renmen wè reflè Bondye nou wè nan figi pwochen nou, nan tèt nou tou, epi nan tou sa li kreye. Sa podui baz ideyal ki pozitif, o nivo teyolojik epi onivo biblik tou e se gras ak li nou kapab grandi nan renmen, olye nou ankadre efò nou pou jistis ak rekonsilyasyon nan yon kontèks ki fondamantalman “anti” (tankou nan anti-rasis, anti-opresyon, eksetera)...

Charles Skinner dekri vizyon sa a nan fason sa a: “Kominote tout moun renmen an se pa yon òganizasyon moun met sou pye; Li se yon nouvo avanti gason ak fi ki konsakre tèt yo nan chache yon nouvo monn ... moun ki bliye tè yo nan pasyon yo pou yo jwenn yon vi an komen kote byennèt tout moun se sousi chak moun.” Pou l repete apre Karl Barth, Charles Marsh ekri bagay sa a sou Kominote Tout Moun Renmen an. “[K]retyen an wè pouvwa pasifik Bondye a etan yon sans ki kache e ki dèyè tout mouvman pou liberasyon ak rekonsilyasyon ki ‘rasanble nou tout ansanm nan jounen jodi a kote nou youn se etranje pou lòt men poutan nou se zanmi.’”

Nan sans sa a Kominote Tout Moun Renmen an se yon aplikasyon pratik pou pawòl sa yo lè n ap di: “Se pou yo rekonèt se wou ki wa, se pou volontè w fèt sou tè a tankou nan syèl la.” Nou ap swete gen kominote kote tout moun kab gen diyite epi kote yo pa manke anyen, kote moun wè tèt yo ak tout lòt etan pitit Bondye renmen. Nou priye pou nou wè yon kominote ki ap travay pou tout moun evolye byen evolye (sa valab tou pou tou lòt èt Bondye kreye) kote tout moun parèt kòm yon espwa pou yon lòt moun. Si nou wè sa kon sa, Kominote Tout Moun Renmen an ap founi yon transfòmasyon, yon fòmasyon, yon òganizasyon, yon defann kòz, ak yon temwayaj ki pwofon e ki fidèl.

Wout ki devan nou an

Kesyon pou Nou Vin yon Kominote Tout Moun Renmen an pa si tèlman reprezante yon ekip pwogram kòm yon trajè, oubyen yon ekip angajman ki lye youn ak lòt pou sèvi kòm yon baz pou nou menm fidèl Episkopal yo yo kapab òganize efò nou yo pou nou adrese kesyon enjistis rasyal la epi bati yon kominote ki chita sou rekonsilyasyon, kote moun ap bay lajistis jarèt, epi moun ap fè reparasyon.

Nan kontinye w ap kontinye li vizyon estratejik sa a, n ap ankouraje w pou w imajine yon labirent.¹ Sou wout ki bay sou rekonsilyasyon an ak reparasyon an, n ap fè yon pakèt vire tounen ak yon pakèt monte desann epi retounen nan kote nou te vizite deja. Epi chak fwa sa rive n ap fè nouvo dekouvenn oubyen n ap fè fas ak nouvo defi ...

Di laverite
Kilès nou ye? Ki bagay nou fè deja ak sa nou pa te fè sou kesyon jistis rasyal ak reparasyon rasyal la?

Repare transgresyon yo
Ki enstitisyon epi ki sistèm ki ap fonksyone mal? Ki patisipasyon n ap genyen nan repara, restore, epi nan gerizon moun, enstitisyon ak sistèm sa yo?



Pwoklame rèv la
Kouman pou n rive admèt bagay ki fèt ak sa k rete san fèt? Ak ki sa Kominote Tout Moun Renmen an sanble nan kote sa a? Ki Mòd konpòtman ak angajman ki kab ankouraje rekonsilyasyon, jistis, ak reparasyon?

Pratike lavi renmen an
Kouman n ap fè pou n evolye etan moun k ap rekonsilye, moun k ap geri lòt, ak moun k ap bay lajistis jarèt? Kouman n ap fè pou n evolye epi simonte tout divizyon sa yo? Epi chache Kris la nan lòt moun?

1

Nou prete desen labirent nan liv *Achevèk Desmond Tutu* ak Rev. Mpho Tutu's ki gen tit *The Book of Forgiving*, malgre gen yon labirent ki antoure nou akòz de angajman alontèm Legliz Episkopal la pran

Pa gen yon sèl chemen an pou tout moun oubyen pou chak Fidèl Episkopal yo. Moun ap baze yo sou diferan esperyans, diferan resous, epi y ap vin ak diferan solisyon pou kesyon ki menm. An menm tan tou, nou espere se yon esperyans k ap motive nou pou nou fè esperyans espirityèl an komen epi fè refleksyon ansanm tou. Gen yon povèb moun peyi Kenya ki di, nou kab rive pi lwen si nou mache ansanm pase si nou chak fè wout pa nou. Transfòmasyon se yon bagay ki vin pi fon epi pi laj lè nou mete konesans nou ak resous nou yo ansanm etan branch Episkopal nan mouvman Jezikri a.

Se pou rezon sa a, nou rive idantifye Inisyativ konkrè onivo tout legliz la nou espere ki va 1) plante trajè nou nan akò batèm nan, 2) fè pratik jeneral ak kesyon ki ansèkle labirent lan tounen reyalite, epi 3) konplete epi vanse ak travay ki gen rapò ak lòt travay ki deja ap kòmanse nan dyosèz yo, nan kèk rezo, nan kèk pwovens epi nan kèk kongregasyon.



Di verite sou Legliz epi sou Ras

- **Pwomès Batèm nan:** Nou pral pèsevere nan rezistans kont lemal, epi nenpòt lè n tonbe nan peche, n ap repanti epi tounen vin jwenn Seyè a.
- **Kesyon kle yo:** Ki moun nou ye? Ki sa nou fè ak sa nou pa fè konsènan jistis rasyal ak reparasyon?
- **Inisyativ Legliz ann antye:**
 - Resansman nan Legliz la
- Odit Jistis Rasyal pou estrikti Episkopal yo ak sistèm yo



Pwoklame rèv kominote tout moun renmen an

- **Pwomès Batèm nan:** Nou pral pwoklame bon nouvèl Bondye a nan Kris la ak pawòl epi ak egzansp.
- **Kesyon kle yo:** Ki jan nou ka rekonèt bagay ki akonpli yo ak sa yo ki pa akopli bon nouvèl Bondye nan Kris la an piblik? Ak ki sa yon komimote tout moun renmen sanble? Ki konpòtman ak angajman ki favorize reparasyon, rekonsilyasyon ak jistis?
- **Inisyativ Legliz la ann antye**
- Angajman, rejyonal, piblik pou seyans tande ak aprann.



Pratike Fason pou nou renmen

- **Pwomès Batèm nan:**
 - Nou va chèche prezans Kris la nan tout moun epi epi sèvi tout moun epi renmen tout moun.
- **Kesyon kle yo**
 - Ki jan nou va grandi kòm rekonsilyatè, moun k ap repare epi moun ki ap pote jistis? Kouman nou va fè relasyon nou yo travèse tout lizyè divizyon yo epi pou youn ap chèche Jezikri nan figi lòt?
- **Inisyativ pou Legliz la ann antye:**
 - Kanpay Kominote Tout Moun Renmen anpou rakonte istea epi tande istwa lòt moun
 - Pelerinaj Rekonsilyasyon ak jistis
 - Anseye epi fòme moun nan plizyè lang
 - Materyèl litijik pou reparasyon Rekonsilyasyon ak Jistis



Repare transgresyon nan sosyete a e kominote yo

- **Pwomès Batèm nan:** Nou pral fè efò pou gen jistis ak kè poze nan mitan tout pè epi n ap respekte diyite chak moun.
- **Kesyon Kle:** Ki entistisyon epi ki sistèm ki kraze? Ki jan nou va patisipe nan reparasyon epi restorasyon epi nan geri moun, epi repare entistisyon yo ak sistèm yo?
- **Inisyativ nan tout Legliz yo:**
 - Refòme Jistis kriminel
 - Kolaborasyon moun ki pase nan prizon ki ap retounen nan kominote yo a.
- Patenarya ak Fakiltè epi Inivèsite Episkopal ki fèt tradisyonèlman pou etidyan nwa (HBCUs).

Yo bay gran liny angajman yo la kòm angajman ki la espesyalman pou konsantre sou efò ki pou fèt onivo tout legliz la ki pou konplete efò lokal, efò onivo dyosèz yo, onivo pwovensyal epi efò onivo rezo yo. Angajman sa a ap eseye nourri plizyè kote y ap fè travay sou jistis, travay reparasyon, sou

rekonsilyasyon, epi chache konprann difikilte ki genyen nan defi ki egziste nan legliz ki desèvi moun plizyè peyi ak moun ki pale plizyè lang tankou legliz nou yo, epi eseye konprann defi istorik yo tou.

Kèk nan inisyativ konkrè yo se bagay y ap fè deja nan pratik legliz la e se bagay ki ap elaji pi plis. Ap gen nouvo inisyativ y ap lanse ant jodi a rive desanm 2018, nan yon fason ki repetitif, nan yon posesis ki fleksib ki adrese reyalyte a sou baz bon konprann patenè ki ap travay ak nou yo. Devlopman mouvman opwennvi kwonolojik se yon pakèt zafè, malgre, dirijan yo rekonèt kesyon rasis estriktirèl la se yon bagay ki la depi dè syèk, ki vle di angajman nou an dwe dire plizyè jenerasyon, se pa yon bagay pou twazan ase. N ap toujou pran angajman nou pou di laverite, poklame rèv nou nan Bondye, epi korije erè nou fè. Sèl kesyon ki rete se kouman n ap fè fè sa?

Nan prezante angajman alontèm sa a, nou menm dirijan yo, n ap pran angajman nou pou nou agrandi sèk angajman yo, patenarya yo, ak kesyon lapriyè nan tout legliz nou yo epi depase limit sa a tou. Men tou nou konnen n ap patisipe nan yon trajè ki gen plizyè etap pou n avanse nan kesyon transfòmasyon an, nan kesyon jistis la, ak kesyon reparasyon an. Menm lè konvansyon jeneral la mande nou pou nou bay lidèchip epi trase yon vizyon, li pa t di se sèl vizyon sa a l ap ye, ni tou li pa t di tout travay rekonsilyasyon rasyal, jistis, ak reparasyon se yon travay ki dwe fèt nan tout legliz yo. Nou fè tout efò nou pou nou reponn prezan devan responsablite nou etan lidè Legliz Episkopal ki yon branch nan Mouvman Jezikri a. Nou apiye sou fidèl Episkopal, ak vwazen nou yo ki pale diferan lang, ki soti nan diferan peyi, ak diferan kilti pou nou pataje esperyans, pataje fason nou travay, epi pataje aksyon ki transfòme. Nan tèt ansanm, nou kab fè wout sa a ansanm epi pou n tounen enstriman pou reparasyon nan rekonsilyasyon moun jwenn nan renmen Jezikri a. Epi renmen rekonsilyasyon Jezikri a se yon renmen ki bay liberasyon ki bay lavi; se li n a suiv la.

Nou resevwa pouvwa pou nou pale de bon kè ak limyè, fènwa ak chagren. Bondye ban nou kouraj pou nou viv vi nou pou byennèt tout lòt moun. Kesyon syèl la ak lanfè a, se yon kesyon viv (oubyen pa viv) nan yon bon relasyon ak tout moun oubyen tout sa Bondye kreye. Se yon kesyon tou pou nou onore oubyen dezonore tout bagay oubyen tout moun epi viv pou n konnen renmen Bondye a nan pataje nan byen viv ak tout fanmi nou yo: kit se moun, pye bwa, bèt kat pat, bèt ak zèl, dlo, ak latè ki plòtonnen nou ansanm. -Rt. Rev. Dr. Carol Gallagher

Retounen Jwenn rasin nou yo: Kontra Batèm nan

Finalman, nou te toujou di bi a se pa senpleman prezante yon estrateji ki ini pou moun aplike menm jan an tout kote. Angajman nou an se yon pratik espiritiyèl ki entansyonèl, se yon pratik tou ki fè nou pran etan chak moun apa epi etan yon kò an blòk ki te resevwa batèm nan lavi, nan lanmò, epi nan ministè Jezikri ki ap kontinye toujou. Sa a sanble l se yon bagay ki kòrèk, pou lè nou prèske rive nan fen travay nou an, manm ekip nou an gade dèyè epi yo reyalyze chak eleman nan trajè nou sot fè a an li menm, li se yon repons pou youn nan senk kesyon ki nan fen kontra batèm nan.

- Anvi n pou n fòme yon Kominote tout moun renmen an soti nan premye nan 5 pwomès yo:

Èske w ap kontinye suiv ansèyman apot yo ak fratènite, nan lasantsèn, epi nan lapriyè?

- Di moun laverite sou istwa Legliz la ak kote Legliz la kanpe jodi a sou kesyon rasyal— kilès nou ye epi ki sa nou abitye fè—se youn nan fason nou ranpli kondisyon pou dezyèm pwomès la:

Èske w ap pèsevere nan rezistè lemal, epi depi ou tonbe nan peche, èske w ap repanti epi retounen jwenn Bondye?

- Site rèv Bondye a nan kote ki patikilye, prezante yon vizyon ki kab fè moun kwè nan Kominote Tout Moun Renmen an, epi pran angajman ou nan travay ki nesèsè pou w kab vin fè yon koneksyon dirèk ak twazyèm pwomès la:

Èske w ap fè moun konnen Bon Nouvèl Bondye a nan Jezikri gras ak sa w ap di epi nan fason w ap ajè?

- Etan n ap pratike kesyon renmen an, epi chache tande vwa Bondye nan vwa pa lòt moun epi onore prezans Kris la nan tout moun nou rankontre, nou ap pran katriyèm pwomès la:

Èske w ap eseye jwenn prezans Jezikri nan tout moun, epi èske w ap renmen pwochen w menm jan ou renmen tèt ou?

- Epi etan n ap elaji sèk Renmen Bondye a epi pran responsablite pou reparasyon bagay ki pap fonksyone nòmal nan kominote nou, nan sosyete a, epi nan lemonn – nou ap afime senkyèm pwomès la tou:

Èske w ap toujou fè efò pou gen jistis ak lapè pami tout moun, epi èske w ap respekte diyite tou moun?

Ministè rekonsilyasyon an chita nan kè Misyon Bondye a epi se yon bagay ki pou tout moun ki te batize pou l antre nan kò Kris la. Nou envite tout legliz nou an pou li mache ak imilite, ak konpasyon, epi ak lapriyè, pandan n ap fè Bondye ki rekonsilye nou ak Jezikri a konfyans l ap dirije nou epi l ak ekipe nou pou gwo misyon sa a.

Nan tout renmen Kris la,




Evèk Alatèta Michael Curry



Vis-Prezidan Mary Gray-Reeves



(ansyen) Vis Prezidan Dean Wolte



Prezidan Lachanm Adjwen yo Gay Jennings



Vis Prezidan Byron Rushing



Sekretè Michael Barlowe

DI LAVERITE

K: Èske w ap pèsevere nan reziste lemal, epi depi ou tonbe nan peche pou w repanti epi retounen jwenn Bondye?

R: N ap fè sa, gras ak èd Bondye.

I. Yon resansman Legliz Episkopal la

Gen anpil istwa ak etikèt sou do fidèl Episkopal yo konsènan afè ras, men pa janm gen done ki adekwa ase, espesyalman pou dyosèz ki andeyò Peyi Etazini yo. Si n ap chache rekonsilyasyon, reparasyon, ak yon nouvo lavi, sa kòmanse nan di laverite sou ras moun ki fòme Legliz Episkopal la, espesyalman lè konsidere relasyon Legliz la ak istwa konplèks sou kesyon ras la nan 17 peyi kote Legliz nou an enstale yo.

Nan kòmansman 2017 epi kontinye sou twazan k ap vini yo, nou konte fè yon resansman ki pi detaye—nan plizyè peyi, ki kouvri tout Legliz la an antye kon sa n ap rive konnen demografi legliz la. Gen anpil posiblite pou nou itilize echantiyon selektif ki ap sot nan yon pi piti gwoup legliz nan chak pwovens.

Avan nou al fougè kò n nan yon posesis manch long e ki konplike pou nou rive jwenn done sou ras moun, etnisite moun, ak kilti moun ki nan Legliz Episkopal la, dirijan yo antame yon deba sou kesyon ak sijè sa yo.

- Poutèt ki sa nou vle yon resansman? Ki kesyon n ap poze ki kab fè nou aprann plis bagay sou ras moun, etnisite moun, ak kilti moun ki nan Legliz nou an?
- Vis Prezidan Lachanm Adjwen yo Byron Rushing te pataje atik sa a ak nou “[Desegregating Our Spiritual Lives](http://www.episcopalcafe.com/desegregating-our-spiritual-lives/)” dapre Edwin Smit ak Louie Crew (<http://www.episcopalcafe.com/desegregating-our-spiritual-lives/>). Atik sa a kòmanse deba ki chita sou kesyon sa yo: Èske legliz Episkopal la ta dwe reflekte divèsite ki gen nan moun kote Legliz la gen baz li yo. Ki sa ki anpeche nou vin gen plis divèsite rasyal ak divèsite etnik epi pou nou ta pi akeyan? Èske Legliz la ta dwe bay diferan vwazen valè, menm si se pa moun ki antre nan Legliz la pou yo adore toutbon vre? Nou envite tout legliz la pou yo reflechi sou kesyon sa yo, yo menm tou.
- Yon lòt kesyon fondamantal: Kilès n ap konte kòm yon Fidèl Episkopal? Metòd nou genyen pou nou ranmase done kounye a wè Fidèl Episkopal yo kab konte yo sèlman kòm moun ki nan yon pawas Ozetazini ki kapab reponn yon sondaj ann angle. Kritè sa yo se kritè ki eskli yon bon valè moun ki kab idantifye tèt yo kòm fidèl Episkopal, tankou moun k ap patisipe nan ministè pou endijan, ministè pou prizonye, kèk ministè pou kanpis inivèsitè, ak lòt ministè ki pa sou kontwòl yon pawas.

Nou oblije admèt done ki disponib pou dekri kalite moun ki nan Legliz la se done nou pa kapab konte sou yo ditou. Done sa yo gen pami yo etid Pew Research Group (PRG) te fè ki te entèvyouve kèk milye moun Ozetazini epi yo te mande yo pou yo idantifye tèt yo men ak yon relijyon ak esperyans yo fè nan relijyon, epi piti piti ki sa k fè yo vin pa renmen relijyon fòmèl la ankò. Sondaj ki pi resan PRG te fè konnen pami gwoup ki rele tèt yo fidèl Episkopal yo se 10% sèlman ki idantifye

Pa fouti gen okenn rekonsilyasyon ant Pase Afrik disid ak avni li san laverite. Laverite anpeche nou pretann sa k te pase yo pa t pase. Fason pou nou kòmanse sa se kòmanse kite moun tandè verite a klè, nan tout jan li kab lèd, epi nan tout dezòd ki kab mache avè l. ... Rakonte reyalyte ki nan istwa lavi pa w se eleman ki pi enpòtan nan premye etap la.

– Achevèk Desmond Tutu ak Rev. Mpho Tutu
The Book of Forgiving

tèt yo etan Afriken, Aziyatik, Panyòl, oswa desandan Endijèn ou swa ki gen yon san melanje nan menm gwoup sa yo. Chif sa yo sijere Legliz la pa yon legliz ki enklisiv oubyen ki divèsifye nan sans rèv Kominote Tout Moun Renmen ap envite nou pou nou ye a. Malgre tou, chif ki disponib yo se kalite chif ki pa konsidere yon bon kantite moun ki anndan Legliz Episkopal la ki pa blan selon done sa yo—etan done limit ki genyen nan metòd nou genyen pou nou ranmase done sa yo. Ak sa, ki kote verite a ye?

Rechèch nou an montre fè yon gwo resansman sistematik pou Legliz se yon bagay ki tap mande plizyè milyonn dola e ki tap mande anpil patenè tou. Nou chèche prete metòd rechèch yo aplike nan politik epi nan sosyoloji, ki gen tandans konte ti gwoup epi multipliye yo pou bay rezilta ki etonan pou jan yo egzat. Nou rekonèt nesosite pou nou fè chanjman fondamantal nan tip ak metòd nou genyen pou nou rasanble done sou Legliz la, kit se onivo Rapò pawasyal, kit se onivo Gwoup Pansyon Legliz la.

Nou kapab elaji kad metòd rechèch Smit ak Crew yo epi etidye pi gwo enstitisyon nan Legliz la ak lidèchip legliz la pou nou kab rive jwenn yon pi bon reflè sou divèsite rasyal, divèsite etnik, ak divèsite kiltirèl anndan legliz la. N ap kòmanse travay sa a nan 12 mwa k ap vini yo. N ap konte sou bon konprann ak sipò lidèchip pwovensyal la yo ak Komite Konsèy Egzekitif antirasis la. Nou panse rezilta yon etid kon sa ap antame yon bon dyalòg epi ogmante sipò pou sa anndan Legliz la pou efò ki ap fèt pou yon resansman total. Sa tou tap pwodui done ki ap itil pou fè analiz nan yon odit sou patisipasyon nan koze enjistis rasyal ak jistis an jeneral.

1. Ranmase done sou ras moun, gwoup etnik, ak kilti pèp ak lòt kategori nan men òganizasyon fidèl Episkopal yo tankou:
 - a. Lachanm Evèk yo
 - b. Lachanm Depite yo
 - c. Staff Sant Legliz Episkopal la (enkli staff Evèk ki Alatèt la)
 - d. Biwo Èd ak Devlopman Legliz Episkopal la
 - e. Fondasyon Legliz Episkopal la
 - f. Gwoup pou Pansyon nan Legliz la
 - g. Konsèy Egzekitif la
 - h. Dwayen Katedral yo
 - i. Seminè yo (anseyan yo, administrasyon an, ak asanble elèv yo)
 - j. Komite Konsèy Egzekitif la sou kesyon antirasis la
 - k. Fi nan Legliz Episkopal la
 - l. Asanble lidè dyosezyen yo (gras ak kowoperasyon evèk yo ak/oubyen adjwen yo)
 - i. Komite pèmanan yo
 - ii. Komisyon sou ministè a
 - iii. Manm konsèy administrasyon yo/Lòt chèf yo eli ki nan asanble lidè yo
 - iv. Pè yo, chanselye yo, ak staf Evèk yo

Moun, an jeneral, renmen fè sa ki fanmiye pou yo — menm abid epi menm moun- epi se sèten, yo renmen kenbe pouwva yo genyen, ni pouwva ki pèsònèl ni pouwva ki enstitisyonèl ... Kidonk nou fèt pou nou prepare nou pou n batay pou jistis sa a. Se pou nou jwenn rasin moralite nou, pwotèj konpreyansyon nou, sa ki vrè sans travay la.
– “Se pou nou youn chache wè Figi Bondye nan figi lòt”
Manyèl fòmasyon

2. Ranmase enfòmasyon sou kongregasyon “etnik” yo nan tout aspè (istorik, sitou, espesyalman, gwoup ki chanje ki te plis gen blan pou vin yon kongregasyon “etnik” ak kongregasyon “nasyonal” kote pi fò moun yo sot nan pèp yon sèl peyi). Se yon bagay nou kapab reyalize gras ak yon patenarya ak Konsèy Egzekitif Dyosezyen yo, ministè tranzisyon

yo, misyonè etnik yo, misyonè pou Pwovens IX la, ak òganizasyon tankou Inyon pou Fidèl Episkopal ki Nwa.

3. Pòte atansyon ak:

- a. Frekans ak karakteristik kongregasyon ki blan abityèlman kote se nwa azyatik, moun Amerik Latin, ouswa Ameriken endijèn ki klèje.
- b. Frekans ak karakteristik kongregasyon kote an majorite se lòt gwoup etnik ki la men se blan k ap dirije (enkli gwosè ak kalite rejyon, eksetera)

2016-2018 Bidjè yo met apa pou Resansman an: \$330,000

II. Odit jistis rasyal pou estrikti Legliz Episkopal ak sistèm Legliz Episkopal yo

Resansman an ak detay sou jan nou ranmase done yo montre kilès nou ye. An menm tan tou gen nesesite pou nou evalue sa nou fè deja ak sa nou poko fè. Andotretèm, nou bezwen bon valè done ak done ki fyab pou nou konprann kouman, kòm legliz, nou kontinye mentni sistèm enjistis rasyal epi kouman nou ankouraje jistis rasyal ak enklizyon. [Rezolisyon A182 nan Konvansyon Jeneral \(Nan itilize edikasyon, dyalòg ant kominote, ak odit entèn pou adrese tout fòm enjistis rasyal\)](#) se yon bagay ki kòrèk pou moun mande yon “odit entèn.”

Gen on pati nan travay sa a ki pral fèt evantyèlman gras ak entèpretasyon done resansman pa nou yo. Gen lòt pati nan travay la k ap mande pou nou ranmase sèten done epi fè kèk rechèch nan tèl kote. Enpe nan travay la ap fèt pandan n ap kreye espas pou moun pataje esperyans yo fè epi di nou verite ki difisil pou di oubyen verite ki kab fè moun sezi.

1. Odit sou kesyon patisipasyon nan enjistis rasyal ak jistis ak jistis rasyal

a. Fason pou nou entèprete done yo:

- i. Ki espikasyon ki genyen dèyè done yo ranmase nan resansman an? Espesyalman, ki repetisyon sistematik ki genyen nan gwo asanble Episkopal yo? Pou ki sa modèl sa yo dwe egziste?
- ii. Si li pa fasil pou nou fè yon resansman sou ras/ gwoup etnik epi si kominote moun ki pa blan yo se kominote yo pa byen konte oubyen se kominote ki pa reprezantatif ase, ki sa sa ka endike sou estrikti nou yo, sou kilti nou, epi sou fason nou viv etan yon legliz?

b. Pi plis aktivite pou ranmase done epi fè rechèch(bon jan done epi ranmase done nan dapre istwa moun rakonte epi fè analiz)

- i. Egzaminen posesis pou seleksyone staf la, ba yo travay, epi rekrute staf, sèvis pou komite, epi ministè pou tout legliz la, eksetera. Kouman efò sa yo kab rive pote diferan aksè nan domèn prezans enstitisyonèl ak patisipasyon?
- ii. Mande pou Gwoup Pansyon legliz la ranmase done epi pataje enfòmasyon sou diferans nan salè, eksetera pou klèje a ak staff ki pa blan, epi pou sa fèt gras ak asistans Evèk Alatèt la, Dirijan an fonksyon yo, ak alye ki afilye ak Gwoup Pansyon Legliz la.
- iii. Fè rechèch sou baryè moun ki pa blan jwenn pou yo òdone yo, ak yon loup ki entè-seksyonèl (laj moun, gason ou fi, tandans seksyèl, klas sosyal, eksetera). Ranmase done sa yo onivo dyosèz yo, pwovens yo, epi onivo Legliz la an jeneral.
- iv. Fè rechèch sou baryè ki egziste pou layik ak lidè ki òdone—dapre esperyans moun ki pa blan fè onivo lokal, rejyonal, epi nan tout dimansyon nan Legliz la Rechèch sa a ta dwe gade patikilarite fi ki pa blan yo ak gason ki pa blan yo tou.
- v. Ankouraje jèn yo patisipe (tankou nan Aktivite Jèn Fidèl Episkopal yo) nan deba ak jèn ki pi gran yo pou yo diskite kesyon pa yo pwòp kesyon pa yo sou koze ras kòm mwayen pou anseye yo epi mwayen pou gide rès Legliz la.

Li deplwaye pachemen an epi li jwenn pasaj ki di:

“Espri Bondye a desann sou mwen,
paske li konsakre mwen pou m pote bon nouvel bay pòv yo.

Li voye mwen pou poklame libète pou prizonnye yo epi gerizon pou sa k avèg yo,
pou yo libere sa y ap maltrete yo,
pou poklame ane gras Bondye a rive.”

Epi li woule pachemen an, li remèt li bay gadyen, epi li chita. Je tout moun ki te nan sinagòg la te fikse sou li. Apre sa li kòmanse di yo: “Moso pawòl Bondye sa a rive nan zòrèy nou jodi a menm.”

– Lik 4:17-21

2. Yon kat ki delimite atou nou genyen nan patisipasyon nou nan rekonsilyasyon rasyal ak jistis
 - a. Sèvi ak posesis pou ranmase done ak estrateji nou dekri anwo a yo, estime atou tout legliz la genyen (sètadi, ministè ak resous nou genyen kounye a).
 - b. Kontinye ranfòse rezo ki pami dyosèz yo ak pwovens yo anndan Legliz la epi souliyen ka yo fè etid sou yo tankou (travay Dyosèz Atlanta ap fè ak Dyosèz Louisiana ak Dyosèz Chicago a, epi Kolaborasyon nan Pwovens I ak Pwovens IV).
 - c. Sèvi ak kat la kòm zouti pou bati rezo :(www.episcopalassetmap.org). Pandan yo ap antre done sou ministè sou kat la, gwoup ki gen enterè an komen yo se gwoup pou yo ankouraje pou youn kontakte lòt, etabli relasyon ant youn ak lòt, pataje resous, epi jan youn ap enflyanse lòt.
 - d. Evanjelize moun epi rakonte sa ki pase deja pou afime ministè ki la deja e k ap kontinye yo. Sa a se yon fason pou montre modèl sa a ki posib toupatou epi nan tout Legliz la. Note resous ki la déjà ak rezo ki la deja yo, tankou:
 - i. Komite Konsèy Egzekitif la sou kesyon Antirasis
 - ii. Chache Wè Figi Bondye nan Figi Lòt Moun, rezo fòmasyon
 - iii. Efò dyosèz yo ak pwovens yo sou kesyon rekonsilyasyon rasyal ak ministè miltikiltirèl (enkli Pwovens IX la)
 - iv. Angajman staf Evèk Alatèt la ak kongregasyon yo, dyosèz yo, konsèy legliz yo, ak rezo ki gen rapò ak jistis rasyal ak rekonsilyasyon
 - v. Pwogram devlopman kominote gras ak apèl pou transfòmasyon ki chita sou resous nou yo

- vi. Enstiti Kaleyidoskòp, Kafou, VIZYON, ak lòt patenè pou fòmasyon sou kesyon antirasis la
- vii. Asosiyasyon nasyonal lekòl Fidèl Episkopal yo (espesyalman sou koze pwogram eskolè , admisyon, divèsite, sèvis, ak relasyon kominotè)
- viii. Diferan rezo andeyò Legliz la

2016-2018 Bidjè yo met apa pou odit sou jistis rasyal: \$185,000

PALE DE RÈV KOMINOTE TOUT MOUN RENMEN AN

K: Èske w ap poklame bon nouwèl Bondye a nan Kris la?

R: N ap fè sa, gras ak èd Bondye.

I. Angajman ak Tèt kole Piblik onivo Rejyonal sou kesyon ras moun nan ki sakre

Yon pati esansyèl nan travay nou pou jistis rasyal, pou transfòmasyon, ak rekonsilyasyon se regwoupe fidèl Episkopal yo ak vwazen nou yo onivo entènasyonal. Tout sa se pou nou pale de istwa ak reyalite sou kesyon rasyal nan yon kote an patikilye ak tout konsyans nou. Posisis sa a pou nou “sonje, redi, epi reviv” reyalite a se yon bagay ki nesèsè pou ede nou kreye yon espas ak yon tan pou nou kab distenge yon esperyans nou tout ansanm te fè, oubyen yon istwa ki renouvle ak yon vizyon nou pataje sou Kominote Tout Moun Renmen an.

Gras ak enspirasyon Rezolisyon A182 a toujou, Lidè Legliz la chache ankouraje fidèl Episkopal yo pou yo antre nan posesis yon dyalòg ki ede n egzaminen istwa nou sou kesyon ras la. Yo chache tandè reyalite moun viv nan kesyon ras la ak kesyon rasis la nan yon kote. Yo chache konnen ministè ki inovatif e ki efektiv ak opòtinite k ap parèt nan zòn kongregasyon ak kominote yo. Sa pèmèt legliz la jwenn yon opòtinite pou li “bay sa l tandè, sa li wè ak sa li distenge yo valè”, epi antre tout mouvman sa a nan bon jan lapriyè.

Bondye ou menm ki toupisan an, ou fè limyè sou koze ki kache nan fè nwa epi ou konn tout lonbray ki nan kè nou. Pwòpte nou epi renouvle kè nou gras ak Lespri wou, kon sa nou kapab mache nan limyè non w ki sanktifye gras ak Jezi ki Kris la e ki Limyè lemonn. Amèn.

– Liv Priyè toulejou Kenya a

- Legliz Episkopal ta dwe enfòmè moun nan pwojè angajman pou n tandè lòt moun epi pou n aprann nan men yo tou—atravè esperyans legliz la deja fè nan jan l konn koute byen, jan l fè dyalòg ak jan l fè chanjman. Men kèk egzanp aktivite sa yo “Tandè epi Konsidere” yon mouvman Kowalisyon Evèk nan zòn iben yo met sou pye; “Pwojè ki beni an” ak kominikasyon nan tout legliz la sou resous k ap devlope pou ede nou beni yon kontra ki la pou lavi diran nan koze relasyon ant moun ki gen menm sèks. Met sou sa gen diferan esperyans ak posesis Endaba enfliyanse yo. Nou pa kab tann pou nou voye je nou sou koze ras la, kesyon klas sosyal la, ak aspè neyokolonyalis la ki fòme relasyon entèn ak relasyon ekstèn Legliz la ak zòn Sid la an jeneral.

Nan dezan k ap vini la yo, Legliz Episkopal la ap òganize omwen twa Angajman tandè epi aprann kòm angajman sakre nan twa kote. Chak aktivite sa yo se aktivite k ap fèt ak konferans sou videyo ak wèbinè ki ap bay moun opòtinite pou yo aprann. Sesyon piblik sa yo ap gen sis pati ladan yo:

1. *Egzamine istwa kesyon ras la ak kesyon rasis la nan zòn nan epi nan Legliz Episkopal la*
Angajman pou n tande epi pou n aprann ki angajman sakre yo ap gen aktivite pou sonje epi redi istwa sou kesyon ras ak rasis nan kèk rejyon an patikilye epi nan yon kontèks lokal tou. Moun k ap patisipe yo ap etidye wòl Legliz Episkopal la ak patisipasyon li nan istwa rasyal lokal yo chwazi a.
2. *Ann tande istwa reyalite moun viv sou kesyon ras ak koze rasyal nan kontèks istwa sa yo*
Moun ap rakonte istwa ki sakre sou kesyon reyalite ki la kounye a ak rapò rasyal nan kontèks yo. Se pa dwe Legliz Episkopal la sèl ki ta dwe patisipe se pou n enkli moun ki sot nan òganizasyon benevòl yo, fondasyon yo, antite gouvènemantal yo, mezon komèsyal yo, sektè edikasyon an, patenè ekimenik yo ak patenè nan diferan relijyon yo.

- . *Ann explore ministè ki vin ak lide ki enteresan, ak aksyon ak opòtinite ki fèk ap parèt nan kongregasyon yo epi nan gwoup yo*
Y ap envite endividi, kongregasyon, dyosèz ak òganizasyon pou yo rakonte istwa diferan travay ki trèz inovatif e ki gen anpil sans tou e ki gen pou wè ak koze ras, kesyon rasis, jistis rasyal, ak rekonsilyasyon nan kontèks lokal yo. Patisipan kle ki kab nan rankont sa a se reprezantan ekimenik yo ak patenè entè-relijye yo plis fondasyon yo.

3. *Pou nou jwenn yon sans epi distenge sa k devan je n*
Patisipan yo ap mete tèt ansanm pou yo kab distenge sa ki devan je yo epi pou yo jwenn yon sans nan sa yo te tande ansanm, nan sa yo te wè ansanm, ak esperyans yo te fè pandan premye pati rankont lan. Y ap bay kont randi sou sa y aprann nan fason ki repete posesis Endaba a ki yon posesis yo sèvi ak li nan tout kominyon Anglikan yo.² Yo ap sèvi ak rezilta pa yo pou yo fòme yon vizyon komen pou sa Kominote tout moun renmen an ta vle epi y ap detèmine ki kalite konpòtman ak angajman ki kab ankouraje egzistans yon kominote kon sa.

Kominote tout moun renmen an pa yon òganizasyon endividi; Li se yon nouvo avanti pou konsakre fi ak gason ki ap chache yon nouvo monn...moun bliye tèt yo nan yon pasyon pou yo jwenn yon vi an komen kote kè kontan tout moun se sa chak moun ap chache.

5. *Adorasyon*
Y ap entegre adorasyon nan tout aktivite Legliz la. Litiji, priyè, prèch ak Ekaristi sipoze fondasyon esperyans re-sonje epi evantyèlman bagay sa yo dwe ede n re-ekri istwa pa nou sou baz ras.

4. *Pwogram televise sou entènèt ak wèbinè*
Tout aktivite yo ap gen wèbinè ak gid detid ladan yo pou ankouraje angajman ki pi laj e ki ap kontinye mache kit onivo lokal kit onivo jeneral. Difizyon an dirèk sou entènèt epi pataje sa k ap fèt se bagay medya sosyal ap fasilite mete sou lòt platfòm kominikasyon Legliz Episkopal la genyen, ak dyosèz yo, ak rezo Episkopal pou kominikasyon an, ak sèvis nouvel Episkopal la. Aktivite sa yo kab pran fòma tankou fòma konferans anyèl Trinity Institute la,

² <http://www.episcopalchurch.org/library/article/lambeth-participants-reshape-indaba-process>

fòma wèbinè sou jistis rasyal ak rekonsilyasyon an Pwovens I an, oubyen dyalòg sou kesyon ras moun Rev. Elizaberh Eaton te antreteni an 2016 la antan Evèk Alatèt Legliz Evanjelik Literyen an Ozetazini.

Yo adapte yon vèsyon Angajman tandè epi aprann ki sakre epi y ap òganize youn nan Katedral Nasyonal Wachintonn nan. Kounye a Jistis rasyal se yon koze ki plan menm ministè Katedral la, nan sans sa a lidè li yo pa kab tann pou yo antre nan Mouvmàn Jezikri a pou yo sèvi kòm patenè piblik otou yon Legliz ki gen priyorite ki pi laj. Lidè yo kòmanse travay sou yon seri konferans k ap dire tout yon ane; se yon efò Legliz Episkopal la ak Katedral Nasyonal Wachintonn nan ap patwone ansanm avè lidè sa yo. Pwojè Wachintonn nan se yon pwojè ki pwomèt nan sans pou li fè plis lajan antre. Staf Katedral la ak staf Legliz Episkopal la k ap travay sou pwogram ak devlopman déjà kòmanse diskite ki jan pou yon kolaborasyon kon sa ta dwe fèt.

Po lòt kote yo ta dwe vize sit ki gen temwayaj avèk bon istwa ki ale ak bi yo an jeneral. E se ta dwe kote tou ki konvenyan pou moun vwayaje al la. Sa enpòtan anpil pou nou note pou lokal sa yo pa nan gwo vil. Nou gen anpil bagay pou n aprann nan men dyosèz yo ak patenè nou yo ki déjà kòmanse fè travay sa a, pami moun sa yo gen Dyosèz Atlanta a nan pwojè l la k ap pèse a sou kesyon esklavaj, pann moun, ak pèn de mò nan Georgia; Dyosèz Los Angeles yo, Legliz Anglikan Kore a, ak Legliz Anglikan Japon an gen yon travay ki ann aksyon sou kesyon jistis ak rekonsilyasyon nan kad maltrete Gouvènman Japonè a te maltrete Koreyen yo pandan epòk kolonyal la; dyosèz Panama te Alatèt posesis rekonsilyasyon an ak kèk Anglikan o Meksik, epi ann Amerik Santral. Met sou sa gen travay k ap pèse nan Pwovens IX pou dekouvri istwa ak enpak ras, preferans pou sèten klas sosyal, sistèm kolonyalis la, ak sistèm enperyalis la ann Amerik Latin.

Rezilta y ap atann

Angajman Tandè ak aprann ki sakre a tap gen anpil valè nan ede Legliz la ann antye pou li re-imagine wòl li nan adrese peche ki gen pou wè ak peche epi ak rasis. Kesyon aprann an kominote a ta kab pèmèt nou “fè koneksyon” ant istwa lontan, dinamik sa k ap pase jodi a, ak sa y ap di nan sektè bibliik yo ouswa nan sektè teyolojik yo ki anrasinen vizyon Kominote tout moun renmen an. Finalman, jan efò sa a se yon efò piblik li ye— nan envite nou envite vwazen nou yo ak patenè nou yo patisipe, kon sa nou kab wè imilite nou, epi pou yo ede nou fè konsevwa yon modèl pou Kominote tout moun renmen an nan yon kote ki espesifik . Sa a se yon bagay ki kab pote bon jan transfòmasyon pou Legliz nou an epi pou kominote kote Bondye te plase nou an.

2016-2018 Bidjè yo mete apa pou Angajman Tandè ak Aprann ki Sakre yo: \$250,000

ANN AJI AK RENMEN

K: Èske ou ap chache Kris la nan tout moun epi èske w ap sèvi l nan renmen w ap renmen pwochen wou jan w renmen tèt ou?

R: N ap fè sa, ak gras Bondye.

Fin konplete sesyon fòmasyon yo; pran sètifika a; kontinye fè chemen ou. Mantalite sa a se yon mantalite moun rankontre nan tout Legliz la epi nan sosyete a lè se yon kesyon de pale de kesyon rasis la. Trajè a se yon trajè ki gen dwa fatigan epi ki di anpil, espesyalman lè nou abòde l kòm yon

travay. Nou ap ankouraje Fidèl Episkopal yo pou yo chanje konvèsasyon sa a epi pou yo wè l kòm yon apwòch pou yon posesis aprann ak ranmase konesans kòm yon fòmasyon espirityèl kontinyèl.

Pawòl Michael Battle yo ap itil nou anpil la a. Li di nan liv li a: *Pratike rekonsilyasyon nan yon monn ki vyolan:*

[T]ravay ki lan, epi ki di a se yon travay ki yon bon nouvèl li ye paske nou pa bezwen reflechi sou rekonsilyasyon ankò kòm yon disètasyon n ap ekri pou nou soumèt li alè. Pito nou wè sa tankou yon pyebwa k ap grandi sot nan yon ti gren yo simen pou l vin gwosè yon pye mapou. Sa a se yon posesis ki mande anpil ane e sa fèt senpleman si gen dlo, solèy, ak sibstans nitritif. ... [F]inalman, travay final la se travay Bondye li ye, e se yon travay k ap rive fèt si nou mete men nou ladan l.

Mache al sou wout ki mennen nan Kominote tout moun renmen an se yon avanti li ye, yon avanti kote fòs motris li se Lespri sen an epi pa gen kretyen ki dwe janm espere rive nan fen trajè sa a. Koze sa a se yon pratik espirityèl li ye, apre tou pa gen pèsonn ki janm fini ak fòmasyon espirityèl yo. Se tout tan n ap grandi nan relasyon nou ak Bondye, ak moun parèy nou, nan fòmasyon nou jwenn nan sakreman, nan disiplin espirityèl, ak tout gras pou nou sanble ak Jezikri. Se tout tan n ap priye. Se tout tan n ap li labib. Se tout tan n ap chache renmen pwochen nou yo epi ede yo. Epi nou toujou ap aprann jan Jezikri renmen an epi pratike li tou, espesyalman lè l di nou pou nou janbe lantouray kiltirèl yo ak lantouray rasyal yo, pou nou egzaminen jan y ap maltrete moun ak enpak sa gen sou lavi nou ak lavi lòt moun. Ak sa sa kapab vin yon sous enspirasyon pou Kominote tout moun renmen an.

Lachanm Evèk yo pase plis pase yon ane ap prepare tèt yo pou anseye epi pou yo dirije Legliz la sou baz rekonsilyasyon rasyal. Reyinyon prentan 2016 li a mete aksan sou ti gwoup k ap rakonte istwa. Reyinyon prentan 2017 la te kouvri prèske twa jou fòmasyon lidè VISIONS Inc. yo ak Staf evèk Alatèt la te dirije a. Ansanm ansanm Evèk yo te eseye yon fòm travay pou yo eseye konprann kesyon politik opresyon ki anrasinen anndan yon sistèm, yo te aprann kouman pou youn tande istwa lòt otou kesyon ras la. Yo ogmante kapasite yo pou yo dirije dyosèz pa yo ak kominote pa yo nan direksyon transfòmasyon ak reparasyon. Evèk ki te pran angajman yo toutbon pran devan pou yo gide travay kongregasyon y ap dirije a sou kesyon rasis la, kesyon rekonsilyasyon an, ak kesyon Kominote tout moun renmen an.

Sa ki chita nan kè rekonsilyasyon se onore diyite sa ki diferan.

– Rt. Rev. Dr. Allen Shin

Dirijan Lachanm Depite yo montre yo enterese nan fòmasyon kon sa. Epi tou, Konsèy egzekitif la travay regilyèman sou baz pèsònèl epi ant endividi sou kesyon ras epi sou kesyon rasis la anndan reyinyon li yo epi nan lavi chak jou a.

Men, vrè kesyon an, se: Kouman nou kapab ranfòse angajman Legliz la an jeneral epi apwofondi angajman li nan mòd fòmasyon kon sa ki kapab bay manm Legliz la jarèt pou yo vin moun solid k ap fè rekonsilyasyon ak reparasyon anndan kongregasyon nou yo, nan mitan kominote nou yo, epi nan sosyete kote nou rete epi kote n ap fè vayeveyen nou yo?

I. Kanpay rakonte istwa Kominote tout moun renmen an

Youn nan pratik ki pi pisan pou ranfòse transfòmasyon pèsonèl, transfòmasyon ant moun ak moun, e menm anndan yon enstitisyon epi onivo kiltirèl se rakonte istwa: rakonte istwa pa w bay lòt epi tandè istwa pa lòt. Istwa ki chita sou sa ki gen plis enpòtans pou nou menm. Yo lanse Kanpay rakonte istwa a ann ivè 2017 la pou sa kab ankouraje Fidèl Episkopal yo nan tandè istwa sa yo anndan legliz nou yo, ant legliz ak legliz, epi depase limit Legliz la nan sesyon kominotè yo epi nan reyinyon endividyèl yo.

Olye nou senpleman di moun pou “youn pale ak lòt,” kanpay la ap chache prepare Fidèl Episkopal ki kapab rakonte istwa yo bay lòt moun epi ki kapab tandè istwa lòt moun tou. Gras ak ranfò yon sibvansyon Constable pou ankouraje moun rakonte istwa sou baz lafwa yo ak kesyon ras la, kanpay la ap nan yon patenarya ak Biwo Evèk Alatèt pou inisyativ evanjelik la. Nan kontèks sa a y ap enkòpore bon konprann y ap jwenn nan men lidè ki konn bay èd sikolojik ak terapi, nan domèn jounalis tou, epi òganizasyon kominotè. Nan kad sa a ap gen espas pou Piblik la pale, Sendika k ap Rakonte Istwa bibliik yo, pwogram radyo StoryCorps, ak pwogram radyo Moth Radio Hour. Sa ap ba nou yon avantaj (e si sa nesèsè) sa ap adapte pwogram “Apèl pou Transfòmasyon an” nan, ki ap fè kat sesyon fòmasyon pou anseye Fidèl Episkopal yo kesyon devlopman kominotè ki baze sou pwòp resous yo. E plis pase sa y ap fòme yo sou kesyon rakonte istwa ak mobilizasyon kominotè. Se sèten, sa ta dwe ankouraje moun pou yo idantifye zouti lokal epi zouti rejyonal pou rakonte istwa epi fè rekonsilyasyon epi itilize zouti sa yo tou. Sa ta dwe enkli istwa yo kreye nan Enstiti Kaléyidoskòp la tou ansanm ak pa Dyosèz Minesota a, ak anpil lòt ankò.

Èske ou kab rezève espas sa a pou mwen?

Èske ou kab kenbe kesyon w yo ak sijesyon w yo ak jijman w yo lwen mwen ?

Èske w kapab ret tann ansanm avè m pou verite ki kache dèyè tristès mwen, dèyè perèz mwen, dèyè sa mwen bliye yo, epi dèyè doulè mwen ?

Èske w kapab rezève yon plas vid pou mwen pou m kab rakonte w istwa pa mwen?

– Archbishop Desmond Tutu ak Rev. Mpho Tutu

Kanpay pou rakonte Istwa Kominote tout moun renmen an ap voye moun janbe tout lizyè divizyon ki separe kominote yo jodi a tankou: kesyon ras, kesyon klas sosyal, kesyon laj, kesyon ideyolojik, kesyon pati politik, ak lòt kesyon toujou. Èske ou kab imajine pou n ta ekipe yon legliz nan yon ti vil nan Nevada yon lyen epi fasilite legliz sa a tou ak lyen sa a pou gen yon koneksyon ant legliz sa a ak yon legliz nan sid Chikago. Nan tèt ansanm, epi gras ak èd teknoloji epi ak èd kèk sipò teknik ki chita sou baz lafwa Episkopal yo a, gen posiblite pou yon moun tandè yon lòt epi pou youn rakonte lòt pèt yo fè, sa ki fè yo mal, sa yo renmen, ak rèv yo genyen, ki sa youn panse de lòt. Nou espere nou kapab kontribye nan yon dyalòg ki vo lapèn nan yon monn kote k gen twòp moun ki ap fonksyone nan yon espas ki fèmen ki limite aksè pou n jenn bon konprann ak prezans lòt ki diferan de nou.

Yon kanpay kon sa se yon kanpay ki sou menm liy ak pwojè nan patenè ekimenik nou yo, tankou Legliz Evanjelik Literyen yo Ozetazini ak National Sojourners, Inc. Sa a se ta yon bon opòtinite pou nou kreye yon platfòm ki ideyal pou yon kolaborasyon entansyonèl ak denominasyon kote pi fò moun yo pa blan. Sa kapab ede legliz la vin gen yon pi bon imaj piblik etan yon kominote k ap travay pou rekonsilyasyon nan yon sans ki pa twò diferan de Mennonites oubyen Quakers.

2016-2018 Bidjè yo mete apa pou Kanpay rakonte istwa nan Kominote tout moun renmen: \$52,000

II. Fòmasyon ak transfòmasyon pou lavi diran

Fòmasyon ak adorasyon se 2 domèn kote Fidèl Episkopal yo deja gen yon enfrastruktir ak yon elan ki kapab pèmèt yo fè anpil pwogrè. Gen anpil dyosèz, kongregasyon ak rezo ki benefisye nan pwogram fòmasyon Legliz la ki rele: “Ann gad figi Bondye nan figi chak moun”. Met sou sa fidèl Episkopal yo byen akeyi yon seri opòtinite fòmasyon ak transfòmasyon nan men gwoup tankou VISIONS, Kaleidoscope, Crossroads, ak lòt gwoup ankò. Ak [Resolution D040](#), yo vote a Konvansyon Jeneral la wè nesite pou gen pwogram eskolè ki chita sou kesyon anti rasis la pou moun tout laj nan Legliz la. Konvansyon Jeneral la mande Komite Pèmanan pou Litiji ak Mizik pou l fòme yon sou-komite pou idantifye plis resous adorasyon pou rekonsilyasyon rasyal epi pataje yo tou ak rès kongregasyon an. Epi dirijan nan kominote ki pale panyòl—sa ki Ozetazini ak Amerik Latin yo—gen yon demann ijant pou yo devlope yon seri resous fòmasyon espirityèl sou kesyon jistis rasyal ak rekonsilyasyon nan kontèks pa yo a.

Alabaz, Legliz la bezwen yon ministè entegre kòm modèl—ki sanble ak “piramid bagay pou moun manje”—(yon desen transparan oubyen yon modèl vizyèl ki senp) — pou yo kab konprann kesyon rekonsilyasyon sosyal ak kesyon jistis la. Olye efò sa a ta konsantre tèt li sou kesyon fòmasyon, ki trèzenpòtan, efò sa a tap kouvri tout pati nan lavi espirityèl nou.

1. Pelerinaj Rekonsilyasyon ak Jistis

a. Pelerinaj Jèn moun

Legliz la ap refè pelerinaj tankou Pelerinaj jèn moun yo te fè pou al Fergurson ann oktòb 2015. Legliz la ap envite, moun ki te patisipe deja pou yo planifye aktivite kon sa nan lavni epi pou yo enplimante yo tou. Pwojè a kouvri bagay tankou pwomouvwa ministè peleren epi sipòte yo tou lè yo retounen lakay yo. Standing Rock ta kab yon kote ideyal pou pelerinaj 2017 la. Batay moun ap mennen pou pwoteje dlo, simityè, ak otonomi Pèp Sioux a se yon bagay ki adrese koze ki plòtonnen youn nan lòt serye nan kontèks jistis rasyal ak jistis ekonomik nan tout domèn manman priyorite Legliz Episkopal la. Evèk ki Alatèt la, staf yo, ak lòt dirijan Legliz la te vizite lidè lokal yo, yo te aprann kichòy nan men lidè lokal yo, epi yo te fè lidè lokal yo mete konfyans yo nan reprezantan pa nou yo. United Thank Offering/Young Adult Service Corps la te mete yon apranti nan Bismarck, North Dakota epi yo montre yo enterese nan yon patenarya kon sa ki ap kontinye fèt.

b. Lòt opòtinite pou pelerinaj

Nou kapab ede lòt pelerinaj ki souliyen rekonsilyasyon rasyal, sa enkli Episcopal Relief & Development Ghana Reconciliation Pilgrimage, Pelerinaj Pann moun nan Dyosèz Atlanta a, Trail of Souls nan Dyosèz Maryland³nan, ak Feast Frances Joseph Gaudet a

Tout bagay sa yo soti nan Bondye, ki rekonsilye nou avèk li gras ak Kris la, e se li tou ki ban nou ministè rekonsilyasyon an; sètadi gras ak Kris la Bondye te rekonsilye lemond avèk pwòp tèt pa li. ... Ak sa nou se reprezantan Kris la, piske Bondye ap lanse apèl li a atravè nou; nou ap sipliyè nou pou Kris la, se pou nou rekonsilye ak Bondye.

– 2 Corinthians 5:18-20

³ The Trail of Souls pilgrimage: <http://trailofsouls.org/>

nan Dyosèz Louisiana a, met sou sa pou nou selebre fèt Martin Luther King nan ak jounen Absalom Jones⁴nan.

Pou moun pami nou ki pa kab patisipe an dirèk nan pelerinaj sa yo, gen lòt fason pou nou pran wout pelerinaj la. Manm staff Evèk Alatèt la te patisipe nan Pelerinaj Rekonsilyasyon Gana a an janvyè 2017 epi kounye a y ap fè yon fim ak resous pou anseye sou sa. Nou ap atann nou ap gen yon apwòch konpreyansif ki ap menm pou pwochen pelerinaj pou nou akeyi tout legliz la pou yo pataje trajè transfòmasyon an avèk nou.

2. Fòmasyon ak ankadreman nan plizyè lang

Kominote ki Chita sou Renmen an nan Dyosèz Atlanta a: Komisyon pou Kraze afè Rasis la te founi resous ki esansyèl pou anpil pwovens, anpil dyosèz, ak anpil kongregasyon ki ap akeyi travay la ak de bra louvri. Non sèlman yo vin pou kòz antirasis la men yo ankouraje Kominote tout moun renmen Bondye a. Nan sèvi ak kourikoulòm “Ann wè figi Bondye nan figi chak nan nou”, lidè nan dyosèz yo founi yon sansibilizasyon espiyèl ak swen pastoral nan pwosesis fòmasyon an. Lidè ki Alatèt yo te fè yon esperyans an pèsòn sou kesyon jan modèl sa a efektiv epi jan yo kab sèvi ak li pou transfòmasyon pèsònèl, espiyèl, epi enstitiyonèl. Ak sa Legliz la antre nan yon patenarya ak komisyon an ansanm ak dyosèz pou yo lanse yon Sant pou reparasyon Rasyal nan otòn ane sa a. Nou swete li ap fè tout Legliz la gen yon pi gwo kapasite pou fòmasyon ak reparasyon rasyal.

Nou mande tout asanble ki pale plizyè lang yo e ki gen plizyè kilti yo pou yon je materyèl fòmasyon pou fidèl Episkopal yo nan kad yon patenarya ak Kominote tout moun renmen ki Atlanta a. Kolaborasyon an enklè tout antite sa yo ladan: Komisyon an ansanm ak staf ki la pou koze etnik ak ministè moun ki pale panyòl yo, ansanm ak rezo tankou Komisyon Pwovensyal Antirasis yo, epi Komite Konsèy Egzekitif sou kesyon antirasis la, Komite Pèmanan Konsèy Egzekitif la pou defann moun epi pou fòme rezo, met sou sa gen òganizasyon ak patènè tankou VISIONS, Kaledeyiskòp, Crossroads, People’s Institute for Survival and Beyond. Je materyèl la ta dwe gen ladann materyèl pou fòmasyon tankou sa ki nan lis anba a:

a. Yon bank resous sou entènèt pou moun k ap aprann epi fè kèk refleksyon

Se pou gen yon bon bank resous sou entènèt ki pèmèt Fidèl Episkopal yo jwenn tout yon varyete zouti, resous, epi opòtinite pou jistis rasyal, reparasyon ak rekonsilyasyon.

b. Resous pou devlope lidèchip

Ranmase materyèl pou lidèchip epi pibliye yo pou nou sipòte valè pofesi pastoral genyen epi sipòte wòl prèt kit nan ministè layik kit nan ministè ki mande òdinasyon.

Mwen priye pou Kris la nan tou richès li epi nan tout glwa li, pou li kapab ban nou fòs ak kouraj nan fon nanm nou ak pouvwa gras ak Lesentespri, epi pou Kris la kab abite nan fon kè nou gras ak lafwa, pandan l ap ba wou rasin epi la ba w fondasyon nan renmen. Mwen mande pou w kab gen entelijans pou w konprann, ak tout sen yo, ki lajè epi ki longè epi ki wotè ak pofondè, epi pou nou konnen renmen Kris la ki depase tout konesans, kon sa prezans Bondye nan nou kapab ranpli tout sa nou ye.

– Ephesians 3:16-19

⁴ <http://www.episcopalchurch.org/library/article/louisiana-diocese-announces-first-official-commemoration-feast-frances-joseph-gaudet>

c. Resous pou rekonsilyasyon, jistis, enklizyon, ak egalite ki vize moun sa yo:

- Timoun ak jèn yo (Al gad Rezolisyon D040 ak A182 yo) epi jèn yo tou (manm staff Evèk ki Alatèt la kòmanse kolabore nan travay sa a tou)
- Staf ak patisipan nan Kò Sèvis pou Jèn ki gen dwa granmoun yo an kolaborasyon ak Patenarya Global yo (ta dwe konsidere kolaborasyon ak Kò Sèvis Episkopal yo)
- Staf Legliz Episkopal la

3. Fòmasyon Litijik

Fidèl Episkopal yo renmen di pawòl sa a: “Lex Orandi, Lex Credendi.” Yo tradui pawòl sa yo kon sa: “Si w vle konnen nan ki sa nou kwè, gade jan nou priye.” Angajman nou nan reparasyon rasyal avèk transfòmasyon nan tout nivo mande pou nou ranmase epi pou nou sèvi ak resous litijik yo pou priye nou kapab kontribye nan repare kè yon monn ki dekonstònbre.

An kolaborasyon ak Komisyon Pèmanan an sou kesyon litiji ak mizik, n ap pataje plis resous materyèl pou diferan kalite sèvis ak diferan kalite espas: sèvis pou repantans pou Doktrin Dekouvèt la ak

500èm anivèsè depi Ewopeyen yo antre nan kote yo rele Vijini jodi a ; rityèl pou reparasyon ak lamantasyon apre chak zak vyolans piblik ; epi anpil lòt toujou.

N ap ankouraje moun pou yo devlope teknik ki konekte tèm yo ak sezon litijik ki espesifik. Bagay sa kab kouvri etid bibliik ak materyèl pou fè prezantasyon. Li ta bon tou pou nou ta chache idantifye jou fèt pou selebrasyon ki sipòte travay nan ministè pou bati Kominote tout moun renmen. Finalman, nou kwè, Legliz la ta anrichi si l ta gen yon seri prèch, yon seri refleksyon, ak meditasyon pou ansèyman sou kouman nou kab vin yon Kominote ki chita sou Renmen.

**2016-2018 Bidjè yo met apa pou Fòmasyon ak Transfòmasyon pou lavi diran:
\$306,000**

REPARE TRANSGRESYON NOU YO

K: Èske w ap fè tout efò pou gen jistis ak lapè pami tout moun, epi respekte diyite chak kreyen vivan?

A: N ap fè sa, ak gras Bondye.

Si tout aksyon nou ta chita sou Legliz la epi sou kesyon fè esperyans nou nan Kominote tout moun renmen grandi pi plis, n ap rate sa ki pi esansyèl nan renmen, libere moun, ak bon nouèl Jezi Kris la ki bay lavi: yon bon nouèl ki la pou tout moun nan lemonn, ki pa la senpleman pou moun ki chita ant kat mi Legliz la. Bon nouèl Jezikri a transfòme moun epi li fè espri Kominote tout moun renmen an grandi anndan kè Kreyen. Li transfòme lemonn tou. Pawòl sa se yon pawòl libète pou tout sa y ap maltrete, tout sa ki nan chenn, pou tout sa ki desandan moun ki te konn nan chenn, ak tout sa lasosyete rejte e yo fè yo kite peyi yo.

Legliz nou an ap jwi yon privilèj ekonomik epi yon privilèj sosyal tou Ozetazini ki sòti an pati nan sous nou nan Anpi Britanik la. Privilèj sa a se yon privilèj ki jwenn estansyon nan kongregasyon ann Amerik Latin ak Azi, e anpil fwa sa konn depase estati ekonomik kongregasyon an li menm. Legliz Episkopal la gen yon vokasyon espesyal pou li egzaminen listwa, pou nou di nou rekonèt tò nou, epi pou nou patisipe nan repara kominote nou yo epi n ap retabli, menm jan pou nou patisipe nan repara enstitisyon nou yo epi n ap retabli yo tou. Kominote ak enstitisyon nou genyen k ap batay pou yo devlope akòz sistèm ki chita sou prensip ki toujou bay moun nan Legliz la privilèj.

Legliz Episkopal la pran yon angajman pou li defann jistis estriktirèl ak reparasyon nan plizyè fason, espesyalman atravè travay nan kèk lokal ak rezo dyosèz ki byen djanm. Se gras ak Biwo pou Relasyon Gouvènemantal, ak Minisè Episkopal pou Migrasyon Biwo Legliz la pap chache ranplase efò sa yo, men nou sèten moman sa se yon moman ki mande pou nou pran yon angajman ki pi fon, ki pi laj, epi ki byen kowòdone pou fè transfòmasyon nan 2 pwen kle nou chwazi yo.

Èske se pa jan sa a m chwazi pou fè jèn nan:
pou m pèdi koneksyon ak chenn enjistis la,
pou demare kòd jouk la,
pou m kite sa y ap maltrete yo sove,
epi pou kraze tout jouk?
Èske se pa pou w kab pataje pen w ak moun ki nan
grangou,
Epi mennen sa ki pa gen kay yo lakay pa w;
lè w wè moun ki san rad, pou w bay yo rad mete,
epi pou w pa nan kache pou pwòp fanmi w ?
Lè sa a limyè ou ap klere kou douvanjou,
epi gerizon ou yo ap fèt rapid;
Seyè a ap gide w chak jou,
epi l ap ba w sa w bezwen menm kote ki sèch,
l ap fè zo nan kò w vin fèm;
e w ap tankou yon jaden ki wouze,
tankou yon sous dlo,
kote dlo a ap koule tout tan.
Dekonm ou yo ap rebati;
ou ap rebati fondasyon
anpil jenerasyon;
y ap rele w bès ki repara sa ki kraze,
sila ki repara lari kote moun kapab viv la.

– Isaiah 58:6-12

I. Refòm Jistis kriminèl epi Reparasyon Efè Anprizònman an Mas

Se yon bagay ki kab sanble l twòp pou atake “sistèm rasis ki byen enplante” nan tout rasin ni epi nan tout kompleksite li. Refòm nan Jistis Kriminèl—menm si se yon masuife – se yon pwojè anpil nan nou kab anvizaje nan panse n, nou kapab rive manyen l ak men n, epi konsidere l nan kè n. Prizon di moun plis verite sou kesyon rasis la plis pase tout lòt enstitisyon nan peyi a; moun nwa, moun Amerik Latin, ak lòt pèp endijèn se yo ki an pi gran kantite nan pami gwoup moun ki nan prizon. Ak sa nou pa kab menm pale de jistis nan kontèks Jistis Kriminèl la nan konvansyon an

Gen kèk rezolisyon Konvansyon Jeneral an 2015 nan ki mande aksyon nan koze sa a: C019 Response to Systemic Racial Injustice), [A183 \(Recommended Book Study of the Triennium: The](#)

[New Jim Crow](#)), [D068 \(Dismantling School-to-Prison Pipeline\)](#), epi [A011 \(Recommit to Criminal Justice Reform and Study\)](#). Met sou sa, Biwo Relasyon Gouvènemantal la te idantifye jistis kriminel kòm refòm pou yo konsantre sou li, epi li toujou mande fidèl Episkopal yo pou yo antre ann aksyon sou kesyon lwa pou santans ak politik sou kesyon moun ki te sot nan prizon yo. Tankou tou li fòme patenarya ak lòt moun ki gen diferan oryantasyon nan lafwa yo epi fòme patenarya ak kowalisyon ekimenik.

Sou teren an, gen anpil dyosèz, kongregasyon, ak pwogram epi biwo ki enterese nan travay pou anpeche jenn moun pou yo pa al anba men sistèm jistis kriminel la epi ki ap sipòte moun ki soti nan prizon e ki ap batay pou yo re-entegre tèt yo nan kominote a. Kòm pwogram nou kapab souliyen yo gen pwogram tankou: Washington National Cathedral, St. Augustine’s University nan Raleigh, yon ponyen ministè nan Nouyòk Anne ak Chris Flowers Foundation epi J.C. Flowers Foundation finance, All Our Children, Rezo Ministè Episkopal pou Prizon, ak Biwo Ministè Moun nwa ak Pwojè RISE la. Jan kantite ministè sa yo ap devlope a se pa yon bagay ki siprann nou ditou. Pwogram pou timoun piti epi pwogram pou re-entegrasyon nan kominote a se pwogram ki founi opòtinite pou fidèl Episkopal yo pran angajman yo pou yo kreye relasyon transfòmasyon ki bon ni pou yo ni pou moun yo vize pou yo mete nan prizon yo. Legliz yo –menm jan ak lekòl yo, kan yo, ak sant pou konferans yo—leplisouvan gen espas ak resous ladan yo pou yo ede, pou yo gide/ak pwogram pou akonpaye moun sa yo.

Yon efò onivo legliz an jeneral pou arive rankontre e menm fòme rezo pou ministè se bagay ki kab gen gwo gwo enpak sou legliz yo an jeneral epi sou moun epi sou kominote sa Michelle Alexander rele “The New Jim Crow a.” Legliz Episkopal la kab jwe yon gwo wòl kòm kote pou ministè yo rankontre, epi ede yo etabli aktivite yo eseye pou wè sa ki mache, konekte ansanm epi agrandi travay yo, epi relasyon youn gen ak lòt epi avèk patenè sivik yo. Nan konvèsasyon nou fè ak gwoup tankou Anne and Chris Flowers Foundation, Biwo Evèk ki Alatèt yo devlope yon plan pou yon efò konpreyansif pou devlope kapasite moun nan domèn sa a.

Yo batize l “Patenè sou Wout la: Transfòmasyon ak renouvèlman mityèl ak Moun ki sot nan Prizon k ap Retounen nan Kominote a,” plan an pwopoze pou yo fòme kominote kote moun ki te pase nan prizon ap viv ansanm ak ti gwoup kongregasyon Episkopal bò kote yo. Men sa yo pral fè ansanm:

- 1) Fè rechèch epi kreye yon kat pou Pwogram nan pou pwojè ki aktyèl ki ap travay ak moun ki te pase nan prizon.
- 2) Devlope yon “Sikisal Inovatif” – gen twa sit pwojè pilòt kote gen gwoup moun ki te pase nan prizon ak ti gwoup moun nan kongregasyon Episkopal ki ap kolabore pou yo devlope epi sèvi ak metòd moun deja eseye ki mache nan nouvo pwojè yo mete sou pye epi nan pwojè ki te deja la.
- 3) Etabli ministè ki ap dire lontan. Pou bay moun ankourajman pou yo adopte nouvo modèl sa yo, kongregasyon yo ap gen posiblite jwenn sibvansyon ki ap pèmèt yo patisipe nan pwogram nan nan reyinyon yo epi re-òganize ministè yo a pou fasilite rapò Mityèl ak kesyon patenarya a.

2016-2018 Bidjè yo mete apa pou Refòm Jistis Kriminèl, Reparasyon Enpak Anprizònman an Mas, ak Angajman pou Jistis Rasyal an Jeneral: \$580,000

II. Patenarya ak Kolèj ak Inivèsite Episkopal yo te kreye Tradisyonèlman pou etidyan ki nwa (HBCUs)

Legliz Episkopal la kapab reprezante reparasyon rasyal, jistis, ak rekonsilyasyon nan renouvle angajman li ak 2 enstitisyon akademik Episkopal yo te kreye Tradisyonèlman pou Etidyan ki nwa – St. Augustine’s University ak Voorhees College. Yo te fonde toulède nan kontèks emansipasyon afriken yo te fè tounen esklav nan Peyi Etazini. Toulède gen gwo potansyèl men toulède ap soufri tou anpil apre yo te jwenn yon sipò miwo miba epi jan Legliz la te mete yo akote a, yon legliz ki te konsidere yo, yon lè, kòm yon gwo pati man ministè nou de a te pataje a. Lidè nan Legliz yo anvi kase tèt tounen pou yo bay enstitisyon sa yon sipò epi renouvle patenarya ak yo. Nouvo akò sa kouvri yon kontribisyon \$1, 000,000.00 dola kòm finansman (yon pati nan kòb sa a ap soti nan leve de fon ki ap fèt an patenarya) epi nan tèt ansanm pwogramasyon ak misyon yo ki kab transfòme lekòl yo, Legliz Episkopal la, ak kominote nou ap viv ladan yo ak kominote n ap sèvi yo.

Tout Gwoup pou Travay Legliz Episkopal la sou koze Inivèsite ak Fakilte ki pou Ameriken Nwa yo Tradisyonèlman an, ak Biwo Devlopman an, Depatman Finans lan, Staf Lidè pou Rekonsilyasyon Rasyal la, ak Biwo Evèk Alatèt yo te vizite youn oubyen toulède lekòl sa yo epi yo kòmanse wè potansyèl pou rekritman, fè aktivite pou ranmase lajan, jesyon finansye, devlopman òganizasyonèl Met sou sa fidèl Episkopal nan kominote ki arebò lekòl sa yo di jan yo kontan investi enèji yo, priyè yo, epi nan finans lekòl sa yo.

Gen anpil lòt opòtinite pou kreye patenarya ki la k ap tann onivo pwogram yo. Gen youn ki ap vize depatman edikasyon an nan St. Augustine’s University (SAU). Manm fakilte SAU yo ak administrasyon an pran angajman nan bous eskolè ak kolaborasyon otou ansèyman nan sal de klas ki gen plizyè gwoup rasyal ladan yo, ki mete aksan sou edikasyon jèn Ameriken nwa. Li ta bon tou si yo ta esplore kesyon yon patenarya ak Asosiyasyon Nasyonal Lekòl Episkopal yo pou youn ta kab ede lòt.

Met sou sa, Pwogram jistis kriminèl SAU a se youn nan pwogram ki pi popilè sou kanpis la. Se yon pwogram ki voye elèv ki diplome nan fakilte lokal, fakilte leta ak fakilte federal nan kesyon akademi polisye. Yo voye elèv tou nan pwofesyon pou dwa, ak lòt sèvis sosyal pwofesyonèl. Elèv toupatou sou kanpis la ap li materyèl sou kesyon jistis kriminèl. E lekòl la anvizaje pou li fè yon pwogram dete pou jenn moun ki te nan kontravansyon ak lapolis. Pi devan, lekòl sa a kab tounen yon sant pou fè travay enpòtan sa a pou tout Legliz la.

2016-2018 Bidjè yo mete apa pou Patenarya ak HBCUs: \$300,000 (mete sou pwomès \$400,000 ki fèt deja)

Bondye ki toupisan an, ki te kreye nou pòtre ak ou: Ba nou gras ou san mezire pou nou konbat lemal epi pou nou pa janm dakò ak sistèm k ap maltrete moun; epi, pou nou kapab itilize tout libète nou genyen, ede nou sèvi ak libète nou pou nou asire gen jistis nan kominote nou yo epi nan tout nasyon, pou nou kite lwanj non wou; Atravè Jezikri Seyè nou an, ki ap viv epi ki ap kòmande avèk ansanm avè w ak Lespri Sen an. Yon sèl Bondye, pou jodi a epi pou tout tan gen tan. Amèn.

– The Book of Common Prayer

Pou n kab vin yon Kominote tout moun renmen sa ap mande plis pase yon sik twazan; sa ap mande plis pase yon jenerasyon. Men nou tande sa Pwofèt Miche te di: “ Nou menm moun, ki sa ki bon; epi ki sa Seyè a mande pou n fè sof pou bay jistis, epi renmen sa ki bon, epi mache ak Bondye nou an ak tout imilite?”

(Miche 6:8). Ak lapriyè, nan gras Bondye sèlman, n ap pati kounye a pou yon angajman ki la pou lavi diran pou nou suiv renmen Jezi a ak chemen li a ki bay libète, epi jan li toujou pare pou l mete tèt li osèvis lezòt.

Kounye a, pou li menm ki gras ak pouvwa travay li anndan nou, li kapab reyalize anpil anpil bagay plis pase sa nou ta kab mande l onbyen nou ta kab imajine, se pou li tout lwanj ye nan legliz epi nan Jezi Kris la pou tout jenerasyon, pou tout tan gen tan Amen.

Cover page

Becoming a Beloved Community	POU N VIN YON KOMINOTE TOUT MOUN RENMEN
The Episcopal Church’s Long-Term Commitment to Racial Healing, Reconciliation and Justice	ANGAJMAN ALONTÈM LEGLIZ EPISKOPAL LA POU KESYON REPARASYON RASYAL, REKONSILYASYON, AK JISTIS
Logo	
Telling the Truth	Di laverite
Proclaiming the Dream	Mache pale de rèv la
Repairing the Breach	Repare sa ki kraze a
Practicing the way	Aprann chemen an